

## BAB III

### MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Métode panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta panalungtikan tindakan kelas PTK. Istilah dina basa Inggris *Classroom Action Research* (CAR). Dina ngaranna geus némbongkeun eusina yén PTK téh mangrupa hiji kagiatan panalungtikan anu dilaksanakeun di kelas. Aya tilu kecap anu ngawangun harti PTK, nya éta :

1. Panalungtikan, hiji kagiatan nala'ah hiji objék ku ngagunakeun cara jeung aturan métodologi anu tangtu pikeun meunangkeun data atawa informasi anu miboga mangpaat dina ngaronjatkeun kualitas hiji hal anu ngirut minat pikeun panalungtik.
2. Tindakan, kagiatan anu ngahaja dilakukeun sarta miboga tujuan anu tangtu. Dina panalungtikan ngawangun runtuyan siklus kagiatan pikeun siswa.
3. Kelas, dina hal ieu teu ngawengku kana ruang kelas, tapi dina harti anu leuwih spésifik. Dina hal ieu, anu dimaksud kelas téh nya éta sakelompok siswa dina waktu nu sarua, narima pangajaran nu sarua ti guru nu sarua ogé.


Numutkeun Kusnandar (2008:42) PTK mangrupa bagian tina panalungtikan tindakan (*action research*). Ku kituna, PTK téh mangrupa salah sahiji bagian tina

panalungtikan tindakan sarta miboga tujuan anu aya patalina jeung kelas. Salian ti éta, PTK ogé mangrupa panalungtikan tindakan anu dilakukeun di kelas anu miboga tujuan pikeun ngaronjatkeun kualitas prakték pangajaran.

Jadi, tina pamadegan di luhur bisa dicindekkeun yén nu dimaksud PTK téh bisa dihartikeun salaku prosés ngungkulan pasualan pangajaran ngaliwatan ngararancang, ngalaksanakeun jeung ngaréfléksikeun tindakan sacara kolaboratip jeung partisifatip kalawan tujuan pikeun ngoméan atawa ningkatkeun kualitas prosés pangajaran di kelasna ngaliwatan hiji tindakan nu tangtu dina sababaraha siklus dina situasi nyata sarta nganalisis unggal pangaruh tina éta kagiatan.

Alesan panalungtik ngagunakeun ieu PTK, nya éta pikeun ngungkulan pasualan anu keur disanghareupan ku guru di kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2011-2012 dina pangajaran nyaritakeun pangalaman ngagunakeun basa Sunda. Ieu hal téh saluyu jeung salah sahiji tujuan PTK nya éta pikeun ngaronjatkeun kualitas prosés jeung hasil diajar (Sanjaya, 2009:33).

Aya sababaraha ahli anu ngébréhkeun modél panalungtikan tindakan ku cara ngagunakeun bagan anu béda, tapi sacara umum aya opat tahapan anu biasa digunakeun, nya éta (1) perencanaan, (2) palaksanaan, (3) pangamatan, jeung (4) réfléksi. Sedengkeun desain PTK nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana pamadegan Arikunto (2009:16). Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan saperti gambar ieu di handap.



**Gambar 3.1**

**Modél Panalungtikan Tindakan Kelas**

(Arikunto, et. al, 2006:16)

Ieu siklus panalungtikan dimimitian ku nyusun rarancang tindakan (*planning*), tuluy kana palaksanaan tindakan (*action*), pangamatan (*observing*), jeung réfléksi (*reflecting*). Anapon léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku lima tahap kagiatan.

**Tahap 1 : Nyusun Rarancang Tindakan ( *Planning* )**

Tahap nyusun rarancang tindakan mangrupa tahap panalungtik ngajelaskeun ngeunaan naon, kunaon, iraha, dimana, ku saha, jeung kumaha tindakan éta dilakukeun. Panalungtik nangtukeun titik atawa fokus kajadian pikeun ditalungtik sacara husus. Satuluyna nyieun alat ngumpulkeun data panalungtikan pikeun mantuan panalungtik ngarékam pakta nu kajadian salila tindakan lumangsung.

**Tahap 2 : Pelaksanaan Tindakan ( *Action* )**

Tahap kadua nya éta tahap pelaksanaan anu mangrupa impleméntasi pamarekan SAVI dina nyaritakeun pengalaman nu geus dirarancang. Dina ieu tahap guru kudu bisa nyaluyukeun tindakan jeung naon waé anu geus dirumuskeun dina rarancang.

**Tahap 3 : Pengamatan ( *Observing* )**

Tahap katilu nya éta kagiatan pengamatan anu dilakukeun ku panitén (observer) pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan prosés pangajaran anu dilakukeun ku guru saluyu jeung tindakan anu geus disusun. Paniténan ieu kudu nyoko kana instrumén nu geus dijieun. Aspék nu ditalungtik dina ieu pengamatan nya éta : (a) prosés tindakanana; (b) pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu teu dihaja); (c) kaayaan jeung kendala tindakan; (d) kumaha kaayaan jeung bangbaluh tindakan nu dirarancang sarta pangaruhna; jeung (e) pasualan lain nu aya salila kagiatan PTK lumangsung.

Dina ieu tahap, panalungtik dibantuan ku observer pikeun ngumpulkeun data tina kagiatan panalungtikan anu dilaksanakeun. Ieu hal dilakukeun pikeun ngarékam prosés tindakan anu dilaksanakeun, maluruh pangaruh tindakan (boh nu dihaja boh nu

teu dihaja), kaayaan jeung bangbaluh tindakan, kaayaan jeung kendala téh naha kalahkah ngahambat atawa ngagampangkeun tindakan nu dirarancang jeung pangaruhna, sarta pasualan séjén anu aya salila kagiatan panalungtikan lumangsung.

Dina ieu tahap observer ogé niténan langsung situasi kelas saperti halna interaksi jeung aktivitas siswa di kelas salila prosés diajar lumangsung, interaksi jeung aktivitas guru salila prosés diajar lumangsung, atawa hal-hal séjén anu mungkin bakal kajadian salila prosés diajar lumangsung. Ku kituna, salila kagiatan niténan kaayaan ieu, observer kudu ngeusian instrumén anu geus disusun, diantaranya ngeusian lembaran observasi guru, lembaran observasi siswa jeung catetan lapangan.

#### **Tahap 4 : Réfléksi (*Reflecting*)**

Tahap kaopat nya éta kagiatan ngungkara keun deui naon-naon nu geus dilaksanakeun. Istilah réfléksi asal kecapna tina basa Inggris *reflection*, anu diterjemahkeun kana basa Indonesia '*pemantulan*'. Kagiatan réfléksi dilakukeun sabada réngsé ngalaksanakeun tindakan.

Kagiatan réfléksi panalungtikan dilaksanakeun di ahir lawungan salila kagiatan siklus lumangsung. Tahap ieu mangrupa tahap *perenungan* tina hasil paniténan atawa observasi anu geus dilaksanakeun di kelas, boh tina hasil observasi guru, observasi siswa, boh catetan lapangan. Ngaliwatan kagiatan réfléksi, tina hasil observasi tangtuna bakal kapanggih naon waé kahéngkérann jeung bangbaluh dina panalungtikan. Ku sabab, tujuan dina réfléksi éta sorangan nya éta pikeun ngabebeuh tindakan nu dilaksanakeun. Saperti halna, saumpama dina siklus I hasil nyaritakeun pangalaman masih aya siswa anu can tuntas, dilakukeun réfléksi pikeun

maluruh hal nu nyababkeun teu tuntasna éta. Saperti halna tina hasil réfléksi kapaluruh yén guru kurang ngamotivasion siswa, dina siklus II hasil réfléksi éta dilarapkeun dina prosés pangajaran, nepi ka ahirna sakabéh siswa bisa tuntas dina kagiatan pangajaran.

Opat tahap anu dilakukeun dina ieu panalungtikan kabéhanana mangrupa unsur-unsur pikeun ngawangun hiji siklus, nya éta hiji puteran kagiatan sacara ngaruntuy nu balik deui kana léngkah mimiti. Ku kituna, hiji siklus téh ngawengku tahap nyusun rancangan, palaksanaan, pangamatan, observasi jeung réfléksi.

### **3.2 Setting Panalungtikan**

*Setting* panalungtikan ngawengku lokasi panalungtikan, subjék panalungtikan, jeung waktu pelaksanaan panalungtikan.

#### **3.2.1 Lokasi Panalungtikan**

Lokasi panalungtikan nya eta di kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung Jl. Dr. Setiabudhi No. 195 Bandung.

#### **3.2.2 Sumber Data**

Sumber data ieu panalungtikan nya éta siswa SMP Negeri 12 Bandung kelas VII-B kalawan jumlah siswa 36 urang, anu ngawengku 16 urang siswa lalaki jeung 20 urang siswa awéwé.

#### **3.2.3 Waktu Panalungtikan**

Panalungtikan ieu dilaksanakeun kurang leuwih 3 bulan nya éta dina ahir bulan ahir November 2011 nepika Januari 2012, anu diwincik saperti dina tabel ieu di handap.

**Tabel 3.1**

**Waktu Panalungtikan**

| No | Kegiatan          | Waktu            |
|----|-------------------|------------------|
| 1  | Pra-Panalungtikan | 26 November 2011 |
| 2  | Siklus I          | 12 Januari 2012  |
| 3  | Siklus II         | 18 Januari 2012  |

### 3.3 Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tapsir ngeunaan istilah anu aya dina ieu panalungtikan, ku kituna ieu di handap baris dipedar ngeunaan wangenan operasionalna.

#### 3.3.1 Pamarekan SAVI

Pamarekan SAVI nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan pangajaran anu nekenkeun yén diajar kudu ngamangpaatkeun sakabéh indera nu dipiboga siswa ku cara ngagabungkeun gerak fisik jeung aktifitas inteléktual jeung mangpaat sakabéh alat indera dina hiji pangajaran.

#### 3.3.2 Nyaritakeun Pangalaman

Nyaritakeun pangalaman nu dimaksud dina ieu panalungtikan nya éta matéri pangajaran anu dilaksanakeun ngagunakeun pamarekan SAVI. Nyaritakeun pangalaman dihartikeun salaku kaaprigelan pikeun nyaritakeun deui naon-naon anu karasa, katingali, kadéngé, kaambeu atawa kungsi kaalaman nu diébréhkeun ngaliwaan basa lisan.

Jadi, nu dimaksud pamarekan SAVI pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nyarita siswa kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2011-2012 dina ieu panalungtikan téh, nya éta pangaruh pamarekan SAVI bisa ngaronjatkeun kaparigean nyarita siswa kelas VII-B SMP Negeri 12 Bandung taun ajaran 2011-2012, anu diukur ngaliwatan tés nyaritakeun pangalaman anu kungsi karandapan ku siswa.

### **3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngawengku tés kamampuh siswa, observasi, jeung catetan lapangan.

#### **3.4.1 Tés Kamampuh Siswa**

Tés dilakukeun pikeun ngukur hasil diajar siswa tina matéri nu geus ditepikeun salila kagiatan pangajaran ngagunakeun pamarekan SAVI. Tés nu dilaksanakeun ngaliwatan tés lisan diunggal tahap pangajaran pikeun ngukur ngaronjatna kamampuh nyaritakeun pangalaman siswa ngagunakeun format peunteun anu geus ditetepkeun.

Tés anu digunakeun nya éta nguji kaparigelan nyarita siswa. Hasil ieu digunakeun salaku bahan pikeun ninggali kamampuh siswa salila kagiatan panalungtikan lumangsung, dina lawungan pra-panalungtikan, siklus I, jeung siklus II. Wangun nu dilaksanakeun nya éta wangun tés lisan (nyaritakeun pangalaman).



### 3.4.2 Observasi

Numutkeun Popper (dina Hopkins, (1993) dina Wiriaatmadja, 2007:104), umumna observasi nya éta tindakan nu mangrupa tafsiran tina téori. Najan kitu, dina ieu panalungtikan béda jeung pamadegan Popper. Panalungtik atawa saha waé dina waktu asup ka hiji rohangan kelas anu tujuanana observasi, leuwih hadé ninggalkeun téori-téorina di luar kelas, jeung mimiti nalungtik tanpa aya justifikasi hiji téori (Wiriaatmadja, 2007:104).

Observasi nu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta pikeun niténan aktivitas guru jeung aktivitas siswa dina kagiatan kelompok atawa individu salila prosés diajar lumangsung. Dua format observasi éta dieusian ku observer anu dilakukeun babarengan nalika pelaksanaan tindakan di unggal siklus pikeun nempo aktivitas guru jeung aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung.

### 3.4.3 Catetan Lapangan

Catetan lapangan mangrupa instrumén pikeun nyatet sagala kajadian anu aya dumasar kana tindakan anu dilakukeun ku guru, anu gunana pikeun nempo kamekaran tindakan jeung kamekaran siswa dina ngalakukeun prosés pangajaran (Sanjaya, 2009:98). Dina catetan lapangan ieu, dieusian ku hasil observasi, réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés pangajaran.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta : lambaran tés, lambaran observasi, jeung catetan lapangan.

#### 3.5.1 Lambaran Tés

Lambaran tés anu diujikeun dina ieu panalungtikan, mangrupa paréntah anu kudu dilakukeun ku siswa salila ngalaksanakeun pangajaran nyaritakeun pangalaman boh dina tés awal boh tés ahir.

| <b>Tés Nyaritakeun Pangalaman</b> |  |
|-----------------------------------|--|
| ❖                                 | Jieun karangan pangalaman nu kungsi karandapan ku hidep ayeuna! <ul style="list-style-type: none"> <li>• Naon anu karasa</li> <li>• Naon anu kadéngé</li> <li>• Naon anu katinggali</li> <li>• Naon anu kaambeu</li> </ul> |
| ❖                                 | Maké bubuka, eusi, jeung panutup anu sistematis!   |
| ❖                                 | Sanggeus bérés, tuluy caritakeun dihareupeun babaturan!  |

Tabel 3.2

#### Format Peunteun Nyaritakeun Pangalaman

Ngaran Siswa : .....

Kelas : .....

| No           | Aspék                                 | Skala |     |     |     |     | Bobot |
|--------------|---------------------------------------|-------|-----|-----|-----|-----|-------|
|              |                                       | 5     | 4   | 3   | 2   | 1   |       |
| (1)          | (2)                                   | (3)   | (4) | (5) | (6) | (7) | (8)   |
|              | Ucapan (gancang kendorna)             |       |     |     |     |     |       |
|              | Lentong (wirahma, randegan)           |       |     |     |     |     |       |
|              | Pasemon (ekspresi)                    |       |     |     |     |     |       |
|              | Adegan Basa                           |       |     |     |     |     |       |
|              | Pilihan Kecap (diksi)                 |       |     |     |     |     |       |
|              | Rengkek jeung peta (sikep penampilan) |       |     |     |     |     |       |
|              | Hubungan eusi jeung topik             |       |     |     |     |     |       |
|              | Perhatian ka <i>audience</i>          |       |     |     |     |     |       |
| Jumlah Bobot |                                       |       |     |     |     |     |       |
| Peunteun     |                                       |       |     |     |     |     |       |

Keterangan:

- Bobot Idéal = 40

- Skor Idéal = 100
- Peunteun =  $\frac{\text{Bobot}}{\text{Bobot Idéal}} \times \text{Skor Idéal}$

- Kategori peunteun dumasar KKM :

Tabél 3.3

Kategori Peunteun

| Peunteun  | Katerangan |
|-----------|------------|
| $\geq 75$ | Tuntas     |
| $< 75$    | Can Tuntas |

- **Padoman Skala Peunteun :**

**a. Ucapan (Gancang Kendoran)**

- Bobot 5 = Nyaritakeun pangalaman kacida lancarna jeung béntés (henteu arapap-eureupeup)
- Bobot 4 = Nyaritakeun pangalaman lancar jeung béntés (henteu arapap-eureupeup)
- Bobot 3 = Nyaritakeun pangalaman cukup lancar jeung béntés (henteu arapap-eureupeup)
- Bobot 2 = Nyaritakeun pangalaman henteu pati lancar jeung henteu pati béntés (rada arapap-eureupeup)
- Bobot 1 = Nyaritakeun pangalaman henteu lancar jeung henteu béntés (arapap-

eureupeup)

**b. Lentong (Wirahma, Randegan)**

- Bobot 5 = Wirahma jeung randegan kacida merenahna nepika omonganana bisa dicangkem.
- Bobot 4 = Wirahma jeung randegan merenahna nepika omonganana bisa dicangkem.
- Bobot 3 = Wirahma jeung randegan cukup merenahna nepika omonganana masih bisa dicangkem.
- Bobot 2 = Wirahma jeung randegan kurang merenahna nepika omonganana rada hésé dicangkem.
- Bobot 1 = Wirahma jeung randegan teu merenahna nepika omonganana hésé dicangkem.

**c. Pasemon ( Éksprési)**

- Bobot 5 = Pasemon katinggali tenang/henteu geumpeur jeung bisa ngawasa kana kaayaan.
- Bobot 4 = Pasemon katinggali kurang tenang/rada geumpeur tapi bisa ngawasa kana kaayaan.
- Bobot 3 = Pasemon katinggali kurang tenang/rada geumpeur bari jeung kurang bisa ngawasa kana kaayaan.

Bobot 2 = Pasemon katinggali teu tenang/geumpeur bari jeung kurang bisa ngawasa kana kaayaan.

Bobot 1 = Pasemon katinggali teu tenang/gempeur jeung teu bisa ngawasa kana kaayaan.

#### **d. Adegan Basa**

Bobot 5 = Basa nu digunakeun bener jeung baku

Bobot 4 = Basa nu digunakeun rada bener jeung rada baku

Bobot 3 = Basa nu digunakeun rada bener tapi teu baku

Bobot 2 = Basa nu digunakeun kurang bener jeung teu baku

Bobot 1 = Basa nu digunakeun henteu bener jeung henteu baku

#### **e. Pilihan Kecap (Diksi)**

Bobot 5 = Pilihan kecap nu digunakeun merenah atawa keuna kana larapna.

Bobot 4 = Pilihan kecap nu digunakeun rada merenah atawa rada keuna kana larapna.

Bobot 3 = Pilihan kecap nu digunakeun cukup merenah atawa cukup keuna kana larapna.

Bobot 2 = Pilihan kecap nu digunakeun kurang merenah atawa kurang keuna kana larapna.

Bobot 1 = Pilihan kecap nu digunakeun henteu merenah atawa henteu keuna

kana larapna.

**f. Réngkak jeung Peta (Sikep Penampilan)**

- Bobot 5 = Gerak awak henteu tegang jeung teu loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa
- Bobot 4 = Gerak awak rada tegang tepi teu loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa.
- Bobot 3 = Gerak awak henteu tegang tapi loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa
- Bobot 2 = Gerak awak tegang jeung loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa.
- Bobot 1 = Gerak awak kacida tegang jeung loba ngalakukeun gerakan anu ngaganggu konséntrasi pamiarsa.

**g. Hubungan Eusi jeung Topik**

- Bobot 5 = Eusi omongan kacida saluyuna jeung matéri pembelajaran
- Bobot 4 = Eusi omongan saluyu jeung matéri pembelajaran
- Bobot 3 = Eusi omongan cukup saluyuna jeung matéri pembelajaran
- Bobot 2 = Eusi omongan kurang saluyuna jeung matéri pembelajaran
- Bobot 1 = Eusi omongan henteu saluyuna jeung matéri pembelajaran

**h. Perhatian ka Audience**

- Bobot 5 = Teuteupan museur jeung komunikatif
- Bobot 4 = Teteupan museur tapi kurang komunikatif
- Bobot 3 = Teteupan kurang museur tapi cukup komunikatif
- Bobot 2 = Teteupan kurang museur jeung kurang komunikatif
- Bobot 1 = Teteupan henteu museur jeung henteu komunikatif

### 3.5.2 Lambaran Observasi

Lambaran observasi mangrupa salah sahiji instrumén anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtian. Dina observasi ieu aya dua hal anu ditalungtik, nyaéta lambaran observasi aktivitas guru jeung lambaran observasi aktivitas siswa.

#### 3.5.2.1 Lambaran Observasi Aktivitas Guru

Observer nitéan jeung ngaévaluasi panalungtik (guru) nalika keur ngajar salila KBM lumangsung.

**Tabél 3.4**

#### **Lambaran Observasi Aktivitas Guru**

- Wasta Observer** : .....
- Poé, Tanggal** : .....
- Jam** : .....
- Standar Kompetensi** : **Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam bercerita tentang pengalaman, menyampaikan pengumuman, bertelepon, menyampaikan bahasan, menceritakan tokoh, dan bercakap-cakap dengan teman**
- Kompeténsi Dasar** : **Menceritakan Pengalaman**

| TAHAP       | DESKRIPSI KEGIATAN   | Ya  | Tidak | Koméntar |
|-------------|----------------------|-----|-------|----------|
| (1)         | (2)                  | (3) | (4)   | (5)      |
| a. Kagiatan | 1. Ngaintruksi siswa |     |       |          |

|                  |  |  |  |
|------------------|--|--|--|
| Awal             | <p>sangkan diajar gaya kinestetik ku cara ka luar rohangan jeung mawa alat tulis</p> <p>2. Ngarangsang stimulus siswa pikeun merangsang kagiatan pangajaran contona pikiran, rasa, atau hal-hal séjén nu bisa dirasakeun ngaliwatan panca indera</p>   |  |  |
| b. Kegiatan Inti | <p>1. Méré kasempetan siswa pikeun ngagunakeun panca indera anu visualna ku ngimeutan sabudereun sakola</p> <p>2. Salian ti visualna, auditori ogé dipaké pikeun ngimeutan sabudeureun sakola</p> <p>3. Méré kasempetan siswa pikeun milih topik karangan pangalaman anu karandapan harita nya éta :</p> <p>Naon anu karasa<br/>Naon anu katinggali<br/>Naon anu kadéngé<br/>Naon anu kaambeu</p> <p>4. Méré perhatian ka siswa anu keur nyaritakeun pangalamanana.</p> <p>5. Ngilu kalibet kana topik anu keur dicaritakeun ku siswa</p> <p>6. Ngabimbing siswa pikeun ngoréksi kasalahan.</p> <p>7. Méré kasempetan ka siswa pikeun nanya.</p> |  |  |
| c. Kagiatan      | 1. Ngondisikeun siswa  |  |  |



|            |  |     |     |     |
|------------|--|-----|-----|-----|
| Ahir       | <p>sangkan balik deui ka kelas jeung diuk ka tempatna séwang-séwangan.</p> <p>2. Negeskeun deui matéri pangajaran anu geus ditepikeun.</p> <p>3. Ngabimbing siswa sangkan sadar kana kasalahanana salila nyaritakeun pangalamanana</p> <p>4. Nutup pangajaran ku cara nyindekeun materi pangajaran</p> |     |     |     |
| (1)        | (2)  | (3) | (4) | (5) |
| Jumlah     |  |     |     |     |
| Persentase |  |     |     |     |

**Keterangan** : Béré tanda check list (√) dina kolom ya lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom tidak lamun teu katitén dilaksanakeun.

**Catetan Observer :**

.....

.....

.....

**Bandung, Januari 2012**

**Observer,**

**Panalungtik,**

**Ratna Shinta Sukowati S**

**NIP/NIM.**

**NIM. 0802646**

### 3.5.3 Lambaran Observasi Aktivitas Siswa

Observer niténan aktivitas siswa salila pangajaran lumangsung nu aya patalina jeung motivasi nu tumuwuh salila prosés pangajaran.

**Tabél 3.5**

#### **Lambaran Observasi Aktivitas Siswa**

**Wasta Observer** : .....

**Poé, Tanggal** : .....

**Jam** : .....

**Standar Kompetensi** : **Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara lisan dalam bercerita tentang pengalaman, menyampaikan pengumuman, bertelepon, menyampaikan bahasan, menceritakan tokoh, dan bercakap-cakap dengan teman.**

**Kompeténsi Dasar** : **Menceritakan Pengalaman**

| TAHAP<br>(1)     | DESKRIPSI KEGIATAN<br>(2)   | Ya<br>(3) | Tidak<br>(4) | Koméntar<br>(5) |
|------------------|---|-----------|--------------|-----------------|
| a. Kegiatan Awal | 1. Nurut nalika dikondisikeun.<br>2. Ngaréspon data kahadiran siswa.<br>3. Ngarti kana apersépsi matéri anu baris dijelaskeun<br>4. Kamotivasian pikeun sumanget diajar |           |              |                 |

|                  |   |  |  |
|------------------|---|--|--|
|                  | <p>5. Ngarti kana tujuan jeung léngkah-léngkah pangajaran anu kudu dihontal salila pangajaran</p> <p>6. Kaluar rohangan kelas tapi tetep tartib</p>   |  |  |
| b. Kegiatan Inti | <p>1. Ngabandingan matéri ngeunaan nyaritakeun pangalaman</p> <p>2. Diaping saperti halna antara konselor jeung klien pikeun milih topik karangan pangalaman anu karandapan haritanyana éta :</p> <p>Naon anu karasa<br/>Naon anu katinggali<br/>Naon anu kadéngé<br/>Naon anu kaambeu</p> <p>3. Dipapagahan sangkan henteu nyeungseurikeun atawa ngaréspon siswa séjén anu keur nyaritakeun pangalamanana</p> <p>4. Nalika kabagéan nyaritakeun pangalaman maju saléngkah ka hareup</p> <p>5. Nyaritakeun pangalamanana ti mimiti bubuka, eusi, jeung panutup kalawan ngagunakeun basa/kalimah anu jelas jeung santun, kalawan meunang perhatian ti guru nepi ka siswa</p> |  |  |

|                  |  |  |  |  |
|------------------|--|--|--|--|
|                  | ngarasa dihargaan salila nyaritakeun pangalamanana.<br>6. Kalibet kana topik anu keur dicaritakeun<br>7. Ngoréksi diri tina carita nu ditepikeuna kalawan henteu ngarasa asa disalahkeun                                       |  |  |  |
| c. Kegiatan ahir | 1. Merhatikeun kana penegasan deui materi pangajaran anu geus ditepikeun<br>2. Menerkeun kasalahan anu kungsi dilakukeun<br>3. Ngabandingan kagiatan pangajaran satulunya, kaasup méré tugas<br>4. Mungkas kagiatan pangajaran |  |  |  |
| Jumlah           |  |  |  |  |
| Persentase       |  |  |  |  |

**Keterangan** : Béré tanda check list (√) dina kolom ya lamun katitén dilaksanakeun, atawa dina kolom tidak lamun teu katitén dilaksanakeun.

**Catetan Observer :**

.....  
 .....

Bandung, Januari 2012

Observer,

Panalungtik,

**Ratna Shinta Sukowati S**

**NIP/NIM.**

**NIM. 0802646**

### 3.5.4 Catetan Lapangan

Catetan Lapangan dieusian ku observer salaku catetan salila prosés pangajaran anu mangrupa catetan ngeunaan kajadian dina pangajaran anu henteu nyampak dina lambaran observasi.

**Tabél 3.6**

**Lambaran Catetan Lapangan (*Field Notes*)**

**Wasta Observer** : .....

**Poé, Tanggal** : .....

**Jam** : .....

| Catetan Lapangan | Réfléksi jeung Analisis |
|------------------|-------------------------|
|                  |                         |

(Wiriaatmadja, 2009:129)

Bandung, Januari 2012

Observer,

---

NIP/NIM: .....

### 3.6 Analisis Data

Analisis data dilakukeun di unggal siklus, salaku bahan réfléksi pikeun palaksanaan siklus satuluyna. Aya sababaraha tahapan dina analisis data, di antarana :

- 1) Ngalakukeun réduksi data atawa ngawilah-wilah data saluyu jeung fokus masalah. Dina hal ieu, panalungtik baris ngumpulkeun sakabéh alat ngumpulkeun data panalungtikan anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data, satuluyna dikumpulkeun dumasar fokus masalahna.
- 2) Ngalakukeun interprétasi data atawa naspirkeun data anu geus diwilah-wilah dina wangun pernyataan.
- 3) Nganalisis data nu mangrupa hasil tés nyaritaken pangalaman diunggal tindakan pikeun mikanyaho hasil panalungtikan anu geus dilakukeun. Kriteria ketuntasan minimal (KKM) palajaran basa Sunda di SMP Negeri 12 Bandung nya éta 75. Siswa nu disebut tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun  $\geq 75$ , sedengkeun anu disebut can tuntas nya éta siswa nu meunang peunteun kurang ti 75 ( $< 75$ ). Sangkan leuwih jéntré bisa dititén dina tabél 3.3.
- 4) Nganalisis hasil observasi aktivitas guru jeung siswa ku cara ngitung unggal presentasi tiap katégori dina unggal tindakan anu dilakukeun ku panalungtik jeung ngitung présentse ti observer.

- 5) Ngalalisis hasil catetan lapangan salaku hasil réaksi, jeung réfléksi panalungtik kana prosés pangajaran anu teu dijelaskeun observasi ku sabab muncul kalawan henteu dirarancang atawa kagambar saméméhna salaku bahan tinimbangan pikeun ngalakukeun réfléksi anu baris dilarapkeun dina kagitan pangajaran.
- 6) Ngalakukeun analisis kualitatif, nya éta nyindekkeun ngaronjat henteuna hasil pangajaran anu geus dilaksanakeun dumasar tina hasil observasi kalawan babarengan jeung observer.
- 7) Nyindekkeun hasil panalungtikan, dumasar kana analisis hasil observasi anu disaluyukeun jeung tujuan panalungtikan anu diinterpretasikeun dinakalimah pernyataan.

### **3.7 Prosedur Panalungtikan**

Prosedur anu dilakukeun dina ieu panalungtikan téh ngawengku 2 siklus. Dina unggal siklus ngawengku: (1) tahap ngararancang, (2) tahap pelaksanaan, (3) tahap observasi, jeung (4) tahap réfléksi.

#### **3.7.1 Tahap Ngararancang**

Tahap ngararancang ngawengku sababaraha léngkah nya éta:

- 1) Nangtukeun jumlah siklus, nya éta dua siklus
- 2) Nangtukeun sumber data anu baris dilakukeun dina ieu panalungtikan, nya éta siswa kelas VII B SMP Negeri 12 Bandung anu jumlahna 36 urang, nu

ngawengku 16 murid lalaki jeung 20 murid awéwé dina mata pelajaran Basa Sunda seméster 2 taun ajaran 2011-2012.

- 3) Nangtukeun métode anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta dina wangun tés lisan pikeun siklus I jeung siklus II.
- 4) Panalungtik medar ngeunaan Standar Kompetensi (SK) jeung Kompetensi Dasar (KD).
- 5) Nyusun RPP anu eusina ngawengku: Standar Kompetensi (SK), Kompetensi Dasar (KD), indikator, tujuan pangajaran, matéri pangajaran, modél pangajaran, métode jeung téhnik pangajaran, alat jeung bahan pangajaran, kagiatan pangajaran, sumber pangajaran, évaluasi, Kritéria Ketuntasan Minimal (KKM), bahan ajar, sarta Lembar Kerja Siswa (LKS).
- 6) Nyieun lembar obsérvasi pikeun masing-masing siklus, anu ngawengku: lembar kaparigelan guru, lembar obsérvasi aktivitas siswa, jeung aktivitas kooperatif siswa sarta catetan lapangan siswa jeung guru.
- 7) Nyiapkeun bahan ajar jeung lembar kerja siswa pikeun masing-masing siklus.

### **3.7.2 Tahap Pelaksanaan**

Dina tahap pelaksanaan ieu ngawengku opat léngkah nya éta: (1) kagiatan bubuka, (2) kagiatan inti, (3) tahap nguji hasil, jeung (4) kagiatan panutup. Ku kituna ieu di handap baris medar sababaraha kagiatan dina tahap pelaksanaan.

#### **1. Kagiatan Bubuka**

Saméméh kagiatan pangajaran lumangsung siswa ngucapkeun salam. Satuluyana guru ngabsén siswa sarta ngalakukeun apersépsi. Sanggeus kitu, guru méré motivasi



ka siswa ngeunaan matéri anu bakal ditepikeun. Guru nepikeun SK, KD, indikator jeung tujuan pangajaran. Nu pamungkas, guru nepikeun KKM anu kudu dihontal ku siswa tina kompetensi dasar nyaritakeun pangalaman.

## **2. Kegiatan Inti**

Dina ieu kagiatan guru ngajakan ka sakabéh siswa sangkan ka luar kelas tuluy méré instruksi pikeun ngajieun buledan, guru cicing di tengah buledan bari méré instruksi ka siswa pikeun mencar tapi teu jauh tina lokasi anu geus ditangtukeun. Guru méré pancén ka siswa pikeun ngajieun tulisan ngeunaan nyaritakeun pangalamanna anu karandapan harita jiga naon anu karasa, naon anu kadéngé, naon anu katingali, jeung naon anu kaambeu.

## **3. Tahap Nguji Hasil**

Tahap nguji hasil ieu dilakukeun sanggeus siswa réngsé nulis ngeunaan carita pangalamanna. Tahap nguji hasil ieu téh mangrupa tés ahir. Kagiatan ieu dilakukeun pikeun ningali kamampuh ahir siswa dina pangajaran nyaritakeun pangalaman. Unggal siswa dititah nyaritakeun pangalaman anu karandapan harita di hareup babaturanna.

## **4. Panutup**

Sanggeus kagiatan tés ahir réngsé, guru nepikeun informasi ngeunaan matéri anu baris dipedar dina pertemuan salajengna. Anu pamungkas nya éta ngadu'a sasarengan, tuluy siswa ngucapkeun salam.

### **3.7.3 Tahap Obsérvasi**

Anu dimaksud obsérvasi téh nya éta prosés ngumpulkeun data. Dina kagiatan obsérvasi ieu téh panalungtik niténan sacara langsung situasi jeung kondisi kelas saperti aktivitas jeung interaksi siswa salila prosés diajar-ngajar lumangsung.

Ku kituna, sangkan kagiatan obsérvasi téh lumangsung kalawan hadé, kudu miboga pedoman obsérvasi. Ieu di handap mangrupa pedoman aktivitas siswa.

(1) Aya dina tugas

- a. Migawé pancén nya éta ngajieun carita ngeunaan pangalaman anu karandapan harita sanggeus kitu tuluy dicaritakeun di hareupeun babaturanna.

(2) Ngaregepkeun sacara aktip

- a. Ngaregepkeun kalawan gemet nalika babaturanna nyaritakeun pangalamanna

(3) Tahap Réfléksi

Sanggeus kagiatan obsérvasi dilakukeun, bakal kapanggih sababaraha kahéngkérangan jeung bangbaluh dina ieu panalungtikan. Ku kituna, sangkan urang bisa nyaho tur niténan ngeunaan kahéngkérangan jeung bangbaluh éta, kudu diayakeun réfléksi. Tujuan diayakeunana réfléksi téh nya éta pikeun ngabebenah tindakan anu dilaksanakeun dina kagiatan panalungtikan. Upamana waé lamun dina siklus I masih kénéh aya siswa anu can tungtas, bisa dilaksanakeun siklus II. Hal éta dilakukeun sangkan kamampuh siswa téh ngaronjat.